

# Sekirite sou Entènèt



## Sibè Entèmidadasyon

Sibè entèmidadasyon an kapab rive nenpòt kote sou entènèt la.

Sibè entèmidadasyon se lè yon moun fè ekspres li itilize teknoloji plizyè fwa pou li rabese yon lòt moun, fè li mal, oswa fè li lapenn nan itilize òdinatè, telefòn selilè, ak lòt aparèy elektwonik.



## Fason pou reyaji fas ak sibè entimidasyon:



### Di yon granmoun sa

Jèn moun yo ta dwe toujou di yon granmoun ki fyab pou yo jwenn mwayen pou yo reyaji.



### Rasanble prèv

Anrejistre mesaj yo oswa fè eskrinchòt kòm prèv, men PA reponn ni siprime yo.




### Vini avèk lòt sipò

Mete administratè lekòl la oswa lapolis okouran si sa nesesè.



## Pwoteje Enfòmasyon Pèsonèl Ou yo

- Pa pataje okenn enfòmasyon pèsonèl, tankou nimewo etranje w, nimewo sekirite sosyal ou, modpas ou oswa foto w.
- Anvan w klike oswa ouvri yon dokiman ki vini nan yon imèl, asire w imèl la oswa mesaj la soti nan yon sous ki fyab.
- Fè atansyon ak magouy k ap fèt pou yo vòlè enfòmasyon w; magouyè a ka bay aparans yon sous ki fyab tankou IRS, bank, fo òf travay, elatriye.



## Fè Atansyon ak Rezo Sosyal yo



Fè atansyon ak sa w ap pibliye. Li kapab rete pou toutan.

Moun kapab fè eskrinchòt nenpòt piblikasyon/ foto, menm si li parèt sou entènèt la pandan kèk segonn.

Fè atansyon ak tandans danjere yo. Pa mete sekirite w an danje.

Kenbe pwofil ou sekrè. Siveye ki moun ki kapab wè piblikasyon w yo.

Fikse limit pou itilize ekran epi pran poz sou rezo sosyal yo.

"Règ Grandèt" Èske yon grandèt t ap apwouve piblikasyon w yo?

Suiv kont ki amelyore lavi w epi ki gen rapò ak lwazi w epi bagay ki entereze w.

- Sante Fizik/Mantal (sètadi Headspace)
- Ranfòse konfyans nan tèt ou (sètadi WeTheUrban)
- Fotografi (sètadi Eartpix)
- Foutbòl (sètadi Bestoffootball)
- Dans (sètadi Renatobailarinos)

## Pou Paran ak Moun k ap Bay Swen:

### Pale avèk jèn moun ou an sou Sekirite sou Entènèt

- Pale dirèk, di sa w panse, epi ouvè lespri w lè w ap pale de sekirite sou entènèt.
- Rete kalm epi pa reyaji yon fason negatif fas ak pwendvi jèn moun nan.
- Edike jèn moun nan olye fè li pè.

